



Entewoviris-68

Kisa entewoviris 68 ye?

Entewoviris 68 (EV-68) se yon viris yo te idantifye pou premye fwa nan Califoni an 1962. Se pa yon maladi yo detekte souvan Ozetazini.

Ki sentòm EV-68 bay?

Maladi a ka lejè oswa grav. EV-68 ka bay moun lafyè, nen koule, fè yo estènen, bay yo tous, ak doulè nan kò ak mis yo. Lè maladi a grav li ka rann li difisil pou respire epi moun nan gen ral. Paran timoun ki soufri opresyon dwe veye timoun yo pre pou sentòm yo epi kontakte doktè pitit la si opresyon oswa ral timoun nan vin pi mal pase jan li konn ye oswa li pa fè miyò.

Si pitit mwen an gen nenpòt nan sentòm sa yo, èske sa vle di li gen EV-68?

Non. Gen diferan mikwòb ki ka bay moun maladi respiratwa, men anpil kapab genyen menm sentòm yo. EV-68 pa responsab pou tout maladi respiratwa. Nenpòt moun ki soufri maladi respiratwa dwe kontakte doktè yo si yo gen difikilte pou respire, oswa si sentòm yo vin pi mal.

Kijan mikwòb la simaye?

Viris la nan saliv, larim, oswa krache moun ki gen enfeksyon an. Yon moun ki enfekte ka pase mikwòb la bay yon lòt moun lè li touse oswa estènen. Epi tou yon moun ka pran mikwòb la lè li manyen yon kote ki kontamine après li manyen zye, bouch, oswa nen li.

Kiyès ki an danje?

Jiskaprezan, se tibebe, timoun, ak adolesan ki gen plis chans pran EV-68.

Kijan yo detekte EV-68?

Se sèlman lè yo fè yon tès espesifik nan laboratwa sou echantyon, ki pran nòmman nan nen oswa gòj yon moun, yo ka detekte EV-68. Pita nan maladi a, yo ka teste lòt kalite echantyon.

Kisa ki tretman pou EV-68?

Pa gen okenn medikaman ki disponib espesyalman pou trete EV-68. Pou maladi ki pa grav, ou ka achte medikaman san preskripsyon pou sispann lafyè ak doulè. Pa bay timoun aspirin. Kèk moun ki gen gwo maladi respiratwa kapab bezwen entène lopital. Si w pa konn sa pou w fè, rele doktè pitit ou a.

Eske gen yon vaksen?

Non. Pa gen yon vaksen ki disponib pou evite moun pran enfeksyon EV-68.

Kijan mwen ka pwoteje tèt mwen ak fanmi mwen?

- Lave men nou souvan ak savon ak dlo pou 20 segond, sitou apre nou fin chanje kouchèt. Li pi bon pou lavi men nou tan pou nou itilize pwodwi pou dezenfekte men, paske yo pa ka tiye kalite mikwòb sa a byen.
- Evite touche zye, nen oswa bouch nou ak men ki pa lave.
- Evite bo, anbrase, ak pataje gode ak veso pou manje ak moun ki malad.
- Dezenfekte bagay moun manyen souvan, tankou jwèt, manch pòt, sitou si gen yon moun ki malad.

